

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Data dina ieu panalungtikan nya éta sastra lisan (dongéng) anu aya di sisi Walungan Citanduy Kabupatén Ciamis Provinsi Jawa Barat, nu sabada ditalungtik jumlahna 28 dongéng. Dongéng nu dimaksud nya éta dongéng “Rawa Onom”, “Sasakala Panoongan”, “Onom Mangrupa Ema”, “Si Égom”, “Asal-usul Sukacai”, “Oray Kalung”, “Nyi Mas Mayang Sari”, “Éyang Éjo jeung Pusaka Warisan”, “Prabu Selang Kuning”, “Prabu Permana Tatapa”, “Ki Wadah Sangkuy”, “Sasakala Banjar”, “Ciung Wanara”, “Karang Nini”, “Citraresmi”, “Asal-usul Ronggég Gunung”, “Karaton di Basisir Pananjung”, “Batu Kaldé”, “Ciréngganis”, “Dipati Imbanagara Ditugel Jangga Keuna ku Pitnah”, “Bupati Galuh Imbanagara Radén Adipati Jayanagara”, “Hubungan Sunda-Majapait Saméméh Kajadian Pasundan Bubat”, “Gajah Mada Ngalatih Prajurit”, “Prabu Cipta Permana”, “Cikawali”, “Sikuraja jeung Leuwi Biuk”, “Rawa Lakbok”, jeung “Kampung Kuta.”

Sumber panalungtikan nya éta para sepuh nu aya di sapanjang sisi Walungan Citanduy Kabupatén Ciamis. Sumber data dina tabél ieu di handap.

Tabél. 3.1
Data Informan jeung Dongéng anu Kakumpulkeun

No	Wasta Informan	Umur	Alamat	Judul Dongéng
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
1	Bapa Sukarno	72	Lakbok	<ul style="list-style-type: none"> • Rawa Onom • Rawa Lakbok

Evi Sulastri, 2013

2	Bi Rasti	60	Banjarsari	<ul style="list-style-type: none"> • Asal-usul Ronggégng Gunung
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
3	Bapa Apipudin	46	Bojonghuni	<ul style="list-style-type: none"> • Onom Mangrupa Ema • Si Égom
4	Abah Pirno	80	Banjar (Purwaharja)	<ul style="list-style-type: none"> • Prabu Selang Kuning • Sasakala Banjar • Ki Wadah Sangkuy
5	Bapa Iman	50	Pangandaran	<ul style="list-style-type: none"> • Karaton di Basisir Pananjung • Batu Kaldé • Cirengganis • Karang Nini
6	Abah Sukinta	90	Bénténg Ciamis	<ul style="list-style-type: none"> • Oray Kalung
7	Ibu Mimin	45	Padahérang	<ul style="list-style-type: none"> • Asal-Usul Lembur Sukacai
8	Bapa Dian Permana	45	Karangkamulyan	<ul style="list-style-type: none"> • Ciung Wanara
9	Arso Dipraja	45	Kawali	<ul style="list-style-type: none"> • Citraresmi • Gajah Mada Ngalatih Prajurit • Kampung Kuta
10	Abah Latif	70	Bojong Salawé (Galuh Salawé)	<ul style="list-style-type: none"> • Prabu Cipta Permana
11	Abah Éman	75	Kawali	<ul style="list-style-type: none"> • Asal-usul Cikawali

Evi Sulastri, 2013

Sastra Lisan Anu Aya Di Sapanjang Sisi Walungan Citanduy Kabupatén Ciamis (Ulikan Struktur Jeung Ajén Atikan)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

				<ul style="list-style-type: none"> • Hubungan Dagang Sunda-Majapahit Saméméh Kajadian Pasundan Bubat
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)
12	Abah Sarjo	80	Panyingkiran	<ul style="list-style-type: none"> • Éyang Éjo Jeung Pusaka Warisan
13	Toyo Djaya Kusuma	65	Imbanagara	<ul style="list-style-type: none"> • Bupati Galuh Imbanagara Radén Adipati Jayanagara • Bupati Imbanagara Ditugel Jangga Keuna Ku Pitnah
14	Ma Émoh	70	Gunung Padang	<ul style="list-style-type: none"> • Ratu Permana Tatapa
15	Pa Éman	60	Panoongan	<ul style="list-style-type: none"> • Sasakala Panoongan • Asal-usul Sikuraja jeung Leuwi Biuk
16	Mimin	45	Padahérang	<ul style="list-style-type: none"> • Nyi Mas Mayang Sari

3.2 Désain Panalungtikan

Ari désain atawa bagbagan prosés panalungtikan nu digunakeun dina ieu panalungtikan ngawengku ngumpulkeun data, ngolah data, déskripsi data, jeung nyindekeun data panalungtikan. Dina ngumpulkeun data digunakeun téhnik telaah

Evi Sulastri, 2013

Sastra Lisan Anu Aya Di Sapanjang Sisi Walungan Citanduy Kabupatén Ciamis (Ulukan Struktur Jeung Ajén Atikan)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu


pustaka, wawancara, studi dokumentasi jeung rékaman. Sangkan leuwih tétéla, prosés dina ieu panalungtikan bisa digambarkeun sakumaha ieu:



Evi Sulastri, 2013

Sastra Lisan Anu Aya Di Sapanjang Sisi Walungan Citanduy Kabupatén Ciamis (Ulukan Struktur Jeung Ajén Atikan)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Tabel 3.1
Desain Panalungtikan



Evi Sulastri, 2013

Sastra Lisan Anu Aya Di Sapanjang Sisi Walungan Citanduy Kabupatén Ciamis (Ulikan Struktur Jeung Ajén Atikan)

3.3 Méthode Panalungtikan

Metode mangrupa salah sahiji cara nu digunakeun pikeun ngahontal tujuan panalungtikan, dumasar kana tinimangan sabada nyawang tujuan jeung objék panalungtikan. Metodé nu dipaké pikeun ngahontal ieu tujuan panalungtikan, nya éta motodé déskriptif. Méthode déskriptif nya éta ngagambarkeun jeung ngajéntrékeun kaayaan atawa kajadian nu keur disanghareupan.

Saluyu jeung tujuan déskriptif di luhur, tujuan nu hayang dihontal ku panalungtik dina panalungtikan ieu pikeun ngadéskripsikeun, ngagambarkeun, analisis ulikan struktur jeung ajén atikan sastra lisan (dongéng) anu aya di sapanjang sisi Walungan Citanduy Kabupatén Ciamis.

3.3 Definisi Operasional

Sangkan henteu nimbulkeun salah tapsir ka nu maca, ieu di handap dijelaskeun ngeunaan wangenan operasional anu digunakeun dina panalungtikan.

1) Struktur

Sacara étimologis, *strukturalisme* asal kecapna “struktur”, hartina nya éta ayana hubungan nu tetep antara kelompok-kelompok gejala atawa unsur (*éléments*), éta hubungan téh digelar ku panalungtik hasil tina pangamatan. Éta kaitanana atawa hubungan saéstuna anu nangtukeun sarta ngecéskeun saban-saban objék nu ditalungtik. Éta objék panalungtikan mungkin baé mangrupa badan manusa, minat manusa, masarakat, matématika, métodologi, alam, bahasa atawa sastra kaitanana jeung gejala, dua hal penting anu sok disebut tadi téa mangrupa anu sifatna abstrak.

Strukturalisme téh mangrupa hiji pergerakan inteléktual, nu gelar di Prancis. Dina praktékna mah *strukturalisme* téh leuwih umum dianggap sabagé hiji kaédah atawa métode anu tujuan utamana mah nya éta pikeun ngalempeng atawa méré pangajén ka para panalungtik dina ngalaksanakeun panalungtikan anu

Evi Sulastri, 2013

Sastra Lisan Anu Aya Di Sapanjang Sisi Walungan Citanduy Kabupatén Ciamis (Ulikan Struktur Jeung Ajén Atikan)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

leuwih nyosok jero ngeunaan hiji objék kajian. Numutkeun Koswara (2012:13), strukturalisme lahir ngabedah kaitanana-kaitanana atawa unsur dina hiji objék. Tina hubungan kasebut téh tumuwuh sawatara rupa tanda “bahasa” anu ngécéskeun wangun jeung fungsina. Ku sabab kitu, strukturalisme ogé hiji kaédah modérn anu intina élmu sains tanda (*semiotics*). Strukturalisme téh enas-enasna mah miboga harti yén hiji karya sastra di masarakat mangrupa hiji kagemblengan lantaran aya réaksi anu timbal balik antara bagian-bagianana jeung antara bagian jeung kagemblenganana. Ieu hubungan téh lain ukur miboga sifat anu positif, saperti ayana kamiripan atawa aya hubungan, tapi miboga sifat anu négatif deui, saperti aya pertentangan jeung konflik. Lian ti éta, di tasdeskeun yén hiji kasatuan struktur ngawengku satiap bagian jeung sabalikna (yén satiap bagéan téh ngarupakeun kagemblengan). Éta harti struktur téh ngabalukarkeun kaom strukturalis ngutamakeun rélasi-rélasina aya antara sawatara lapisan nu nyampak dina hiji karya sastra. Jigana baé nu di maksud ku istilah “bagian atawa unsur (*elements*)”, nu kaasup kana struktur karya sastra téh nya éta alur, palaku, latar, jeung téma (Rusyana, 1979:5) atawa anu ku Stanton (Pradopo, Spk: 1995) mah disebut (a) téma jeung masalah, (b) fakta carita, jeung (c) sarana carita téa.

Dumasar kana sawatara pamadéan di luhur bisa dicindekeun yén nu dipaké alat pikeun ngarakrak struktur karya sastra anu dumasar kana sawangan strukturalisme mah sacara gurat badagna ngawengku unsur-unsur (1) téma, (2) plot/alur, (3) palaku, jeung (4) latar.

Pamarekan strukturalisme mindeng digunakeun ku panalungtik ngaanalisis karya sastra, nu dina prak-prakana kudu merhatikeun unsur-unsur nu aya dina karya sastra. Pamarekan unsur strukturalismé téh salah sahiji pamarekan dina panalungtikan sastra nu leuwih museurkeun nalungtik hubungan antara unsur-unsur nu ngawangun sastrana.

Evi Sulastri, 2013

2) Ajén Atikan

Sacara étimologis, atikan asalna tina basa Yunani “*pedagogics*” anu ngawengku kecap “*pais*” anu hartina “budak” jeung tina kecap “*again*” anu hartina “*kuring ngabingung*” (Sagala, 2009:2). Ajén téh tina kecap ajian hartina aya ajianana, boga ajian, jampé pikeun supaya dihormat (Danadibrata, 2006:9). Atikan asal kecap tina atik, nya éta hal ngatik atawa nu ngatik (LBSS, 1995:27). Nurutkeun Danadibrata (2006:39), atikan nya éta pangajaran kana jalan kahadéan, méré, ngajarkeun, ngawarah, ngabimbing. Cindekna, ajén atikan nya éta ajén anu dicangking ngaliwatan atikan atawa pangajaran pikeun jalan kana kahadéan.

Ajén atikan, nya éta prosés ngarobah sikep jeung paripolah hiji jalma atawa masarakat dina usaha ngadéwasakeun manusa ngaliwatan upaya pangajaran jeung latihan, prosés paripolah, cara ngadidik. Dumasar tina éta wangenan bisa dihartikeun yén ajén atikan dina ieu panalungtikan nya éta prosés ngadéwasakeun manusa ngaliwatan tarékah jeung latihan.

Numutkeun Loree (dina Nurgiyantoro, 2010:321), ajén atikan ngawengku ajén moral, ajén sosial, jeung ajén agama

3) Déskripsi sisi Walungan Citanduy Kabupatén Ciamis

Walungan Citanduy ayana di Kabupatén Ciamis Propinsi Jawa Barat nu ngujur ti kulon ka wétankeun sapanjang kurang leuwih 40 km. Meulah wates antara Kabupatén Ciamis jeung Kabupatén Tasikmalaya. Lebah tengah panjangna kurang leuwih 60 km ngaliwatan Kabupatén Ciamis jeung Banjar (Mediabanjarpotroman, Hogspot. Com,2013).

Dina jaman Walanda Walungan Citanduy jadi jalur dagang. Tapi ieu kajadian teu lila lantaran aya kapal Walanda tikelebu. Carita rayat nu nyebar di sisi walungan sacara tatalépa ti jalma ka jalma. Kadangkala carita dipatalikeun jeung unsur mistik.

Evi Sulastri, 2013

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan ngagunakeun padoman analisis. Tujuanana pikeun nganalisis sastra lisan (dongéng) nu aya di sisi Walungan Citanduy Kabupatén Ciamis. Padoman analisis dipedar dina tabél ieu di handap.

Tabél 3.2
Padoman Analisis

No	Poko Analisis	Unsur-Unsur Pangwangun	Tujuan
1	Analisis Struktur	1. Galur (<i>plot</i>) 2. Palaku 3. Latar 4. Téma 5. Amanat	Pikeun mikaweruh eusi tina unsur-unsur pangwangun masing-masing sastra lisan jeung makna tina éta carita
2	Analisis ajén-inajén	Ajén inajén nu rék diguar dina ieu panalungtikan nya éta ajén atikan	Pikeun mikaweruh ajén atikan naon baé anu kagambar dina sastra lisan (dongéng) nu aya di sisi Walungan Citanduy Kabupatén Ciamis

3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Léngkah mimiti dina ngumpulkeun data sastra lisan ku jalan rékaman. Maksudna, sastra lisan anu didongéngkeun atawa dicaritakeun ku panutur dirékam sacara langsung (Endraswara, 2003:152).

Evi Sulastri, 2013

Sastra Lisan Anu Aya Di Sapanjang Sisi Walungan Citanduy Kabupatén Ciamis (Ulukan Struktur Jeung Ajén Atikan)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Rékaman sastra lisan ngagunakeun foto jeung *tape recorder*. Ieu alat mantuan pikeun ngumpulkeun data di lapangan. Di sagigireun dirékam ogé dicatet sagala hal nu kapanggih di lapangan. Hasil rékaman didokumentasikeun jeung catetan lapangan diarsipkeun. Hasil rékaman saterusna ditranskrip kana wangun tinulis (téks).

Hasil rékaman masih perlu ditambah ku jalan wawancara jeung talaah pustaka. Talaah pustaka penting pikeun néangan rupa-rupa tiori anu dijadikeun acuan dina hiji panalungtikan. Sedengkeun wawancara tujuanana pikeun meunangkeun data anu can karékam di lapangan.

3.7 Téhnik Ngolah Data

Data hasil wawancara, dokumentasi, jeung transkrip audio atawa video dianalisis. Numutkeun Endraswara (2003:154), panalungtikan sastra lisan ngawengku tilu tahapan, nya éta: 1) milah-milah data dumasar kana golonganana, jeung 2) nganalisis dumasar tiori nu geus ditangtukeun.

Dumasar pamadegan di luhur prosédur analisis data dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) maluruh sastra lisan (dongéng) anu aya di sapanjang sisi Walungan Citanduy Kabupatén Ciamis ngaliwatan rékaman, wawancara, jeung dokumentasi;
- 2) maca, ngaregepkeun, jeung lalajo carita sastra nu dikumpulkeun ku cara dirékam atawa mangrupa carita nu ditulis, anu aya di sapanjang sisi Walungan Citanduy Kabupatén Ciamis;
- 3) ngelompokkeun sastra lisan (dongéng) anu aya di sapanjang sisi Walungan Citanduy Kabupatén Ciamis dumasar klasifikasina;
- 4) ngaidéntifikasi struktur anu ngawangun masing-masing dina sastra lisan (dongéng) anu aya di sapanjang sisi Walungan Citanduy Kabupatén Ciamis;
- 5) nganalisis ajén atikan anu aya dina sastra lisan Sunda (dongéng) anu aya di sisi Walungan Citanduy Kabupatén Ciamis, jeung;
- 6) nyieun kacindekan jeung saran.

Evi Sulastri, 2013



Evi Sulastri, 2013

Sastra Lisan Anu Aya Di Sapanjang Sisi Walungan Citanduy Kabupatén Ciamis (Ulukan Struktur Jeung Ajén Atikan)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu